# yéen mbooloom jigéen ñi deeleen saraxe, man de gis naa leen ngeen ëpp ci waa sawara" ñu ne ko: ndax lan yaw Yonente Yàlla bi? Mu ne: "dangeen a bari ag rëbbaate, di weddi njekk, gisuma jigéen ñu matadi xel ak diine te gaaw a yóbb xelu góor gu dogu ba mel ni kenn ci yéen jigéen ñi

Jële nañu ci Abii Sahiid Al-Xudrii yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Yonente Yàlla bi dafa génn ab yoor-yoor walla korite jëm ca julleekaay ba, mu romb jigéen ñi, daal di wax ne: "yéen mbooloom jigéen ñi deeleen saraxe, man de gis naa leen ngeen ëpp ci waa sawara" ñu ne ko: ndax lan yaw Yonente Yàlla bi? Mu ne: "dangeen a bari ag rëbbaate, di weddi njekk, gisuma jigéen ñu matadi xel ak diine te gaaw a yóbb xelu góor gu dogu ba mel ni kenn ci yéen jigéen ñi", ñu ne ko: ana lan mooy matadig diine ji ak xel mi yaw Yonente Yàlla bi? Mu wax ne: "xanaa seedeg jigéen du xaaju seedeg góor?" Ñu ne ko: ahakay, mu ne: "loolu ci matadig xelam mi la bokk, xanaa du bu gisee mbaax du julli du woor?" Ñu ne ko: ahakay, mu ne: "loolu ci matadig diineem la bokk".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc dafa génn ci benn bisu xew jëm ca jullikaay ba, fekk digoon na jigéen ñi ne dana leen beral ag waare, mu def ko ci bis booba, daal di wax ne: Yéen mbooloom jigéen ñi deeleen saraxe, tey baril jéggalu; ñoom ñaar bokk nañu ci yi gën a màgg ci yiy sippi njuumte, te man gis naa leen guddig rañaan gi ngeen ëpp ci waa sawara. Genn jigéen gu am xel ak gis-gis ak ug wegeel ci ñoom ne ko: yaw Yonente Yàlla bi lu tax nun nu ëpp ci waa sawara? Mu ne: ngir ay bir: dangeen a bari lu ngeen di rëbbaate ak ŋàññaate, te dangeen di weddi àqi jëkkër. Topp mu melal leen ci wax ne: gisuma jigéen ñu matadi xel ak diine te man a not góor gu am gisee ak xel ak ug dogu ak man a téye mbiram ci yéen. Mu ne ko: yaw Yonente Yàlla bi, ana lan mooy wàññeekug xel mi ak diine ji? Nee na: bu dee wàññeekug xel mi nag mooy ne seedeg ñaari jigéen day tolloo ak seedeg genn góor; lii wàññeekug xel la, wàññeekug diine ji nag mooy wàñeekug jëf ju baax ji, ndax day toog ay guddi ak i fan du julli ngir limuy gis mbaax, dog ay fan ci koor gi ci sababus mbërëg mi, lii wàññeekug diine la, waaye ñoom deesu leen yedd ci loolu te deesu leen ko jàppe; ndax dafa bokk ci seenu bindiin ci cosaan, kem ni nu sàkke nit bind ko muy bëgg alal di yàkkamti ay biram di réere...ak yu dul yooyu, waaye dafa yeete ci loolu ngir moytandikuloo ñu fitnawu ci